## *Kontra Pwogram Akselere Akademik*
## Lekòl Piblik nan Kanton Polk la

**Ekri Enfòmasyon sa yo:**

Enfòmasyon Elèv a: ______________________________

Siyati | Non | Nimewo Idantite

Lekòl: ______________________________

Konseye: ______________________________ Klas Elèv la ap fè : 06 ☐ 07 ☐ 08 ☐

**(Tchecke youn)**

Enfòmasyon Paran: ______________________________

Siyati | Non | Adrès elektwonik

Telefòn: ______________________________

Lakay ou | Selilè w | Travay Paran/Responsab elèv la | Travay Paran/Responsab elèv la

Demann Paran/Responsab elèv la yo dwe fèt pa ekri voye bay direktè a/moun li deziyen *anvan fen nèf premye semèn yo*.

**Lè m siyen kontra sa a, mwen konprann kondisyon ak règleman sa yo ap aplike.**

- Mwen konprann enskripsyon mwen nan Pwogram Akselere Akademik nan lekòl la se yon opòtinite yo banmwen pou mwen antre nan yon pwogram avanse, e y'ap espere m fè bagay sa yo:
  - Rete nan travay mwen e swiv sa k'ap fèt nan klas la
  - Fè tout devwa mwen, travay yo banmwen nan klas la, lakay mwen ak pwojè yo nan delè yo bay.
  - Li revi yo bay lè mwen pa gen kou lekòl la
  - Etidye pou tout egzamen, tès ak ti evalyasyon rapid yo
  - Patisipe nan refleksyon yo, deba ak konvèsasyon nan sal klas jan yo mande sa
  - Travay poukont mwen oswa an kolaborasyon/gwoup jan pwofesè m mande sa
  - Mande pwofesè a pou m fè ratrapaj lè m absan
  - Mande pwofesè a pou l banm plis èd lè m bezwen, ki ka gen ladann pran leson anvan oswa apre klas
  - Pran randevou avèk konseye m nan si m bezwen plis èd ak pwoblèm disiplin, prezans oswa pèfòmans kademik.
- Mwen konprann yo te chwazi mwen pou m patisipe nan Pwogram Akselerasyon Akademik la dapre pèfòmans akademik mwen te gen anvan, e nan pouswiv pwogram nan chak ane, y'ap evalye mwen chak ane ladann. Evalyasyon sa a ap gen yon revizyon mwayèn mwen fè nan tès leta yo, travay mwen fè ki konpilè nan klasè mwen, nòt mwen, dosye disiplin ak prezans lekòl la.
- M'ap vin lekòl regilyèman e mwen konprann si m'ap plede vin anreta e/oswa m'ap plede absan, sa ka fè yo mete m deyò nan pwogram nan.
- M'ap konpòte m kòrèkteman e mwen konprann nenpòt sanksyon yo pran kont mwen ka fè yo mete m sou siveyans oswa mete m deyò nan pwogram nan.
- Mwen konprann tout elèv yo mete sou siveyans pou nenpòt ki rezon, dwe asiste yon rankont paran/elèv/pwofesè. Si m pa asiste rankont lan, sa ka fè yo mete m deyò nan pwogram nan.
- M'ap patisipe nan aktivite k'ap fèt ansanm ak aktivite nan pwogram mwen tankou nan fwa lasyans, fwa sou istwa, "ASPIRE robotics" (VIZYON wobo), Odyssey Lespri nan Florid, etc., paske opòtinite anrichisman sa yo fèt nan entansyon elèv akselere yo.
- *Pou elèv k'ap pran kou pou kredi yo*: Si mwen reyallize yon D nan yon peryòd nèf semèn nan youn nan kou mwen yo (Angle, lekti, matematik, syans oswa syans sosyal), oswa si GPA mwen tonbe pi ba pase 2.0, y'ap mete m sou siveyans e m'ap gen yon peryòd nèf semèn pou monte mwayèn mwen nan yon C oswa pi wo nan tout kou yo.

**Mwen deklare mwen te li kontra sa a e m'ap obeyi sa ki ladann.**

______________________________ ______________________________

Paraf elèv la | Dat

**Mwen sipòte enskripsyon pitit mwen nan Pwogram Akademik Akselere a e m'ap vini nan rankont paran/elèv lekòl la mande yo.**

______________________________ ______________________________

Paraf paran an | Dat

Kopi blanch: Lekòl la | Kopi Jòn: Paran/Elèv